Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 3 февраль Рузман №5 (7767) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Прививкаби гьари гуреб, батІияб дару-сабаб гьечІо...

Араб итни къоялъ, 30 январалда, Агъвали райадминистрациялъул бетІерасул заместитель Халилула МухІамадовас тІобитІана школазул ва лъималазул ахазул нухмалъулезул дандельи.

Дандельиялда гІахьаллъана Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев МухІамад Таймасханов, районалъул прокурорасул заместитель ХІажимурад Арадахов, райбольницаялъул бетІерав тохтур Хейруланам Дибирасулаев ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГІабдусаламова.



Гьениб гІенеккана полиомиелит абулеб бахунеб унти тІибитІиялде данде районалда гьаризе кколел тадбиразул хІакъалъулъ суал.

Гьеб суалгун кІалъазе вахьарав МухІамад Таймасхановас бицана полиомиелит хІинкъи цІикІкІараб унти букІинги хІисабалде босун, гьеб багьаризабулел вирусалде данде иммунитет бижизаби ва иммунитет бугел лъималазул къадар цІикІкІинаби мурадалда республикаялъул бетІерав пачалихъияв санитарияв врачасул хІукмуялда рекъон республикаялда тІоритІулел профилактикиял тадбиразул хІакъалъулъ. Гьединго гьес бицана полиомиелиталъул хаслъабазул, гьеб сах гьабизе рескьотІиялъул, ва гьелдаса цІуни мурадалда прививкаби гьаризе ккеялъул.

Полиомиелиталде данде профилактикиял тадбирал гьаричІони, гьелъ нилъ пашманлъиялде рачине бегьулин, гьелъ инсанасул нервабазул система ва цогидалги чорхол лугбал жагьаллъизарулин ва чорхолъе сакъатлъи ккезабизе бегьулин абуна Хейруланам Дибирасулаевас.

Баккун хадуса гьеб, профилактикиял тадбирал-прививкаби гьаричІони, сах гьабизе кІоларин абуна кІиявго специалистас.

Жиндир заманаялъ прививкаби гьаричІольиялъ лъимал сакъатльани, гьеб букІине буго эбел-инсуе гІумруялъего бугеб кьварильи. Гьединльидал эбел-инсул гьеб ишалдехун букІине ккола магІнаяб пикру.

Прививкаби гьаби гуреб, цоги батІияб дару-сабаб полиомиелиталъе гьечІебльи лъазе кколин нилъедаян абуна жиндирго кІалъаялъул ахиралда райбольницаялъул бетІерав тохтурас.

Гьелда сверухъ школазда, лъималазул ахазда, эбел-инсуда гьоркьоб гьабизе ккола бичІчІи кьеялъулаб хІалтІи. Гьелъул хІакъалъулъ бицун гІадамалгун дандчІвазе ккола тохтурзаби ва цогидалги медицинаялъул хІалтІухъаби, бицине ккола гьел гьаризе дандеккунгутІи бихьизабулел гІаламатазул. Эбел-инсуе гьаризе ккола малъа-хъваял, гьезда лъазе ккола прививкаби лъималазул сахлъи цІуниялъе гьарулел рукІин, гьебги бичІчІизабизе ккола врачазул хІалбихьиялъул мисалаздалъун.

Дандельиялъул ахиралда Халилула МухІамадовас лъайкьеялъул идарабазул ва райбольницаялъул нухмалъулезда лъазабуна лъималазе прививкаби гьариялъул суал районалъул нухмалъиялъул халгъабиялда букІине бугин.

**ГІ. Малачдибиров**

Барки

## ХІукуматалъ къимат лъикІаб къуна



26 январалда Дагъистан республикаялъул хІукуматалъул нухмалъулев ГІабдулмуслим ГІабдулмуслимов дандчІвана республикаялъул физкультураялъулги спорталъулги министерствоялъул коллективгун. Гьениб хІукуматалъул нухмалъулес лъикІаб къимат къуна министерствоялъул хІалтІуе.

2022 соналъул хІалтІул хІасилазухъ балагьун Сажид Сажидов мустахІикълъана Дагъистаналъул хІукуматалъул ХІурматияб грамотаялъе.

Къокъабго заманалда жаниб Сажид Сажидовас живго вихьизавуна бажари бугев, жавабияв ва жинда тІад кьараб хІалтІи ракІбацІцІадго нухда бачине лъалев нухмалъулевлъун.

Баркула Сажид Сажидовасда шапакъат! Гьарула гьесие щулияб сахлъи, хъизаналъулаб талихІ ва икъбал.




## «ЧІагояб классикаялъ» ахІулел руго

ХІурматиял учительзаби, цІалдохъаби ва тІолалго магІарулал! «ЧІагояб классикаялъ» нахъеги ахІулел руго нуж. Гьаб нухалда гьеб сайгъат гьабулеб буго ХІамзатил Расулил творчествоялъе.

**Гьеб тІобитІизе буго ункъо номинациялда:**

1) ШагІирасул кечІ пасихІго рекІехъе рикІкІин.

2) «Дир Дагъистан» прозаикияб асаралдаса бутІаби рекІехъе цІали.

3) ШагІирасул асараздаса суратал рахьи (иллюстрации к произведениям Расула Гамзатова).

4) «Дир Расул» (шагІирасул хІакъалъулъ нужецаго хъвараб кечІ, хабар, сочинение рекІехъе бицин).

Конкурс тІобитІизе буго шагьаралъулги росабазулги школазул цІалдохъабазда гьоркьоб батІа-батІаго.

ТІоцебесеб къокъа: ясли-ахазул ва байбихьул классазул цІалдохъаби.

КІиабилеб къокъа: 5-8 классазул цІалдохъаби.

Лъабабилеб къокъа: 9-11 классазул цІалдохъаби.

**Ункъабилеб къокъа: ЧІахІиял.**

Видеороликал къабул гьарула 16 январалдаса 16 марталде щвезегІан. Конкурсалъул хІасилал гьаризе гьелъул киналго гІахьалчагІи дандельизе руго 29 марталда МахІачхъалаялда, Расул ХІамзатовасул цІаралда бугеб миллияб библиотекаялда, сагІат кІиголда.

Нужерго видеороликал ва суратал (иллюстрациял) ритІе гьал адресазде:

shamay. kazanbieva@mail.ru (Шамай Хъазанбиева) ва magomed.manapov2001@mail.ru (Магомед Манапов).

**КІалъазе бегьула гьал номеразде:**
**8-963-413-82-99 (Шамай Хъазанбиева),**
**8-989-665-41-83 (МухІамад Манапов)**

**«ХІакъикъат» газеталъул редакция**

**ВатIаналъул бахIарзал**

# ВатIан цIунулезул кьерда

Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулеб буго мобилизациялда рекъон ахIарал гIолилаз. Гьездаго цадахъ, сордо-кьо лъачIого, бахIарчиго рагъулел руго рагъулаб кьотIи-кьаялда рекъон ВатIаналъул гIурхъаби цIунулелги. Гьединаздаса цояв ккола Агъвали гимназиялъул выпускник Хушетиса ХIасбула ХIажимурадов.



2021 соналъ ВатIаналъе тIадаб рагъулаб налъи тIубазе гьев ккана Алтай краялъул Алейск шагьаралде ва рагъулаб кьотIи-кьаялдаса хадув гIахьаллъана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда. Цин Запорожьеялда, хадув Луганскиялда ккарал рагъазулъ лъукъун, лъабго моцIалъ Москваялъул Н. Бурденкол цIаралда бугеб госпиталалда вукIана. ЦIияб сон тIаде щвелалде гьев сахлъана ва росулъе щвезе вачIунев гьев эбелгун цадахъ гIахьаллъана районалъул администрациялъ ЦIияб сон тIаде щвеялда хурхун тIобитIараб байрамалъулаб тадбиралда. Гьениб районалъул бетIер Шамил ГIумаровас баркала загьир гьабуна, нахъа эменги гьечIого гьединал лебалал, тирияв ва бахIарчиял, умумузул яхI-намус цIунарал васал куцарай ХIасбулал эбел Загьрае, гьарана гьелъие щулияб сахлъи, рекIее иман, сабру ва сах-саламатго васалги тIадруссун, гьезул талихIалдаса йохараб ва чIухIараб ракълилаб гIумру бикьи.

Дагъав цеве редакциялде щварав гьес бицана гьанже жиндир чорхол сахлъиги рукIалиде ккун бугин ва кватIичIого жив частални нахъ вуссун ине кколин. Рагъулаб частадла я кванил нигIматазул, я яргъил, я ратIлил рахъалъги жидее кинабгIаги камураб жо гьечIилан абуна гьес. Нилъер солдатазе рагъда чара гьечIого хIажат бугин рекIел къвакIиги, вижараб ВатIаналде рокьиги ва бергьенлъиялда божиги.

МагIарул яхIги, намусги, къвакIиги чорхолъ бессарав ХIасбулае бокьун буго жиндирго гIумру рагъулаб хъулухъалда бухьинабизе ва офицерлъун вахьине. Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьев мустахIикълъун вуго «За отвагу» медалалъе.

Гьесул кIудияв вац Сиражудинги вуго мобилизациялда рекъон гьабсагIат ВатIаналъул гIурхъаби цIунулезул цебесеб кьерда Украиналда, цогидав вацги ккола контрактник. Гьев заманаялъе рокъов вуго жиндирго хьизан-лъималгун.

Гьаб халатбахъараб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел ХIасбула, Сиражудин ва нилъер кинаго гIолохъаби Аллагьас гIажалалдаса цIунаги, рагъ-кьалги лъугIун, жидерго хьизан-лъималазухъе рокъоре руссине хъван батаги.

**Зульфия Сажидова**

**Конкурс**

# Росдал гIадатал рихьизаруна

26 январалда Агъвали маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана районалъул цIалдохъабазда гьоркьоб «ЦIумадир гIумру гьабулеб бакI» абураб фолклорияб конкурс.

Гьенир гIахьаллъана ТIинди, ТIисси, ТIиссиахикь, Сасикь, Кьеди, Инхокъвари, Хуштада ва Гьигьалъ школазул командаби.

Щибаб коллективалъул церерахьиназ рихьизарулел рукIана районалъул халкъалъ гIумру гьабулел бакIазда ругел жиде-жидер росдал гIадатал, гьезул хаслъаби. Гьеб кинабго балагьизабураб букIана гIолеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялде, росдал гIадатал хвезе тунгутIиялде, гьезулъ ВатIаналде рокьи бижизабиялде.



Конкурсалъул хIасилазда рекъон тIоцебесеб бакI щвана бахIарай гьариялъул гIадат бихьизабураб Гьигьалъ школалъул командаялъе. КIиабилеб бакI ккуна гваялъул гIадат бихьизабураб сасикьдерил командаялъе. Лъабабилеб бакIал кьуна лъимералъе цIар кьеялъул гIадат бихьизабураб тIиндадерил командаялъе, гьединго тIиссиахикьисезул бахIарай хъамиялъул ва кьедисезул бахIарай лъадае ячиналъул церерахьиназе.

Бергьаразе ва призеразе кьуна рекъонкколел даражаялъул дипломал.

**Заур Бадрудинов**

# Информация для застрахованных лиц

Ботлихский филиал территориального фонда медицинского страхования Республики Дагестан сообщает, что на Едином портале государственных услуг размещена необходимая информация для застрахованных лиц.

В нем можно найти информацию о новых возможностях по выбору страховой медицинской организации, оформлению полиса обязательного медицинского страхования, о страховании застрахованного лица в системе обязательного медицинского страхования и другую необходимую информацию по защите прав застрахованных лиц в системе обязательного медицинского страхования.

**Б. Болачов,** главный специалист-эксперт

**Данделъи**

# Халкъалъул къойилал гIузрабазухъ гIенеккана

Талат къоялъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул тIасияб участокалъул росабазул жамагIаталъул вакилзабигун дандчIвана районалъул бетIер Шамил ГIумаров ва районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов.



Кьеди, Сасикь, Эчеда, Метрада, Инхокъвари, Гьакъо, ТIад ва Гъоркьхъварщини росабазул гIадамаз рорхана жакъа къоялде жидер рахIат хвезабулел суалал. Аслияб куцалъ гьениб бицана Агъвали-Шаури-Кидеро шагьранухлул, хасалил заманалда росабалъ канлъи кьотIиялъул ва газалдалъун росаби хьезариялъул.

Нухаздаса ва токалъул мухъалдаса халкъалъул разилъи гьечIолъи бихьизабун кIалъаял гьаруна районалъул Собраниялъул депутатал Сасикьа Шарапудин МухIамадрашадовас ва МухIамад ГIумаровас.

МоцIида жаниб цо нухалъгIаги бегьулариш нухда грейдер лъезе, ва кидалъизегIан тун бугеб Сасикье унеб токалъул мухъ халкъалъе хIинкъи бугеб хIалалдайин рахIат хун бицана депутатаз.

Гьединалго кIалъаял гьаруна Кьедиса Рашидбег ГIабдулхабировас ва Эчедаса ГIабдурашид КъурамухIамадовас.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаров кIвар кьун гIенеккана халкъалъул къойилал гIузрабазухъ ва гьел суалал жиндирго халкквеялдеги росун тIураялъе жигар бахьилин абуна.



Жив щванин районалъул росабалъе ва нухазул ахIвал-хIалги жинда лъикI лъалин. Гьебги хIисабалде босун, республикаялъул нухазулгун транспорталъул министерствоялде кумек гьарунги щванин ва кватIичIого гьеб рахъалъ нилъее кумек щвеялда хьулги бугин абуна гьес.

Гьединго данделъараз борхана росабалъе газ бачиналъул суалги. МагIарухъ росабалъ хасел цIорораб букIиналъ чара гьечIого хIажат буго газ бачиналъул хIалтIи рагIалде бахьине.

Халкъалъул тIалабазда тIасан кIалъаял гьаруна районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулев АхIмад Давудовас ва подстанциялъул нухмалъулев МухIамад Гъазиевас. Гьез баян гьабуна араб соналъ жидеца гьабураб хIалтIи, бажарараб къагIидаялъ хутIарал гIунгутIаби тIагIинаризе исанаги жигар бахьилин абуна.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас ракIрагьараб гара-чIвариялъухъ баркала загьир гьабуна росдал жамагIатазул вакилзабазе, ва цIараб болжалалде нухалгун токалъул мухъ къачIаялъул суалазда тIад хIалтIизе кколин лъазабуна гьеб иш кодосел нухмалъулезда.

Данделъиялде рачIаразул къадаралдаса ва гьезул рекIел хIалалдаса бихьулеб букIана гьел жидерго рес кьотIиялъ рачIаралъин халкъалъул гIузраби загьир гьаризе. Божи буго районалъул нухмалъиялъ халкъалъул мурадал тIуралин.

**Зульфия Сажидова**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Гакко» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,3 | 15,3 | 15,3 |
| 2 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 3 | Земельный налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 150,0 | 150,0 | 150,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **184,3** | **184,3** | **184,3** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 982,0 | 785,0 | 785,0 |
| 2 | Дотация на частич. Компенсацию | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 126,0 | 133,0 | 138,0 |
| | **Итого** | **1108,0** | **918,0** | **923,0** |
| | **Всего доходов** | **1292,3** | **1102,3** | **1107,3** |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **798,9** | **747,2** | **749,3** |
| | в т.ч. зарплата | 579,0 | 480,1 | 480,1 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **126,0** | **133,0** | **138,0** |
| | в т.ч. зарплата | 83,4 | 99,0 | 104,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **173,1** | **37,8** | **35,7** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | | | |
| | в т.ч. зарплата | 140,6 | | |
| 9 | **ФК и спорт** | **10,0** | **0,0** | **0,0** |
| | **Всего расходов** | **1108,0** | **918,0** | **923,0** |
| | в т.ч. зарплата | 803,0 | 579,1 | 584,1 |

**Председатель Собрания сельского поселения «село Гакко» М. Магомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 24,3 | 24,3 | 24,3 |
| 2 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **110,3** | **110,3** | **110,3** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1690,0 | 1354,0 | 1354,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 131,0 | 138,0 | 143,0 |
| | **Итого** | **1821,0** | **1492,0** | **1497,0** |
| | **Всего доходов** | **1931,3** | **1602,3** | **1607,3** |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1057,7** | **1113,0** | **1144,5** |
| | в т.ч. зарплата | 637,9 | 742,0 | 758,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **131,0** | **138,0** | **143,0** |
| | в т.ч. зарплата | 83,3 | 92,0 | 99,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **455,7** | **44,9** | **4,3** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **266,9** | **286,4** | **295,5** |
| | в т.ч. зарплата | 203,9 | 220,0 | 227,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **20,0** | **20,0** | **20,0** |
| | **Всего расходов** | **1931,3** | **1602,3** | **1607,3** |
| | в т.ч. зарплата | 925,1 | 1054,0 | 1084,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Хваршинский» А. Абдулхабиров**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 46,4 | 46,4 | 46,4 |
| 2 | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| 3 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 45,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **112,4** | **112,4** | **112,4** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1912,0 | 1505,0 | 1505,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 134,0 | 141,0 | 146,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | | | | |
| | **Итого** | **2046,0** | **1646,0** | **1651,0** |
| | **Всего доходов** | **2158,4** | **1758,4** | **1763,4** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1131,4** | **931,2** | **931,2** |
| | в т.ч. зарплата | 578,0 | 682,0 | 682,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **134,0** | **141,0** | **146,0** |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 81,0 | 83,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **485,0** | **190,2** | **190,2** |
| 7 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **5,0** | **5,0** |
| 8 | **Культура** | **393,0** | **466,0** | **466,0** |
| | в т.ч. зарплата | 213,0 | 274,0 | 274,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **15,0** | **25,0** | **25,0** |
| | **Всего расходов** | **2158,4** | **1758,4** | **1763,4** |
| | в т.ч. зарплата | 868,0 | 1037,0 | 1039,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 106,5 | 106,5 | 106,5 |
| 2 | Налог на имущества | 23,0 | 23,0 | 23,0 |
| 3 | Земельный налог | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 190,0 | 190,0 | 190,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **331,5** | **331,5** | **331,5** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 5302,0 | 4243,0 | 4243,0 |
| 2 | Недоданная сумма | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 352,4 | 365,0 | 381,0 |
| | **Итого** | **5654,4** | **4608,0** | **4624,0** |
| | **Всего доходов** | **5985,9** | **4939,5** | **4955,5** |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1785,8** | **1823,8** | **1820,8** |
| | в т.ч. зарплата | 1025,8 | 1165,2 | 1165,2 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | **50,0** | **50,0** | **50,0** |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **352,4** | **365,0** | **381,0** |
| | в т.ч. зарплата | 224,1 | 224,1 | 224,1 |
| 6 | **ЖКХ** | **2647,0** | **1588,7** | **1609,4** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **1150,7** | **1112,0** | **1094,3** |
| | в т.ч. зарплата | 802,0 | 802,0 | 802,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | | | |
| | **Всего расходов** | **5985,9** | **4939,5** | **4955,5** |
| | в т.ч. зарплата | 2051,9 | 2191,3 | 2191,3 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Тиндинский» М. Абдухалимов**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Саситли» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс.руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | сумма 2024 | сумма 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 22,7 | 22,7 | 22,7 |
| 2 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 3 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| | **Итого собственные доходы** | 90,7 | 90,7 | 90,7 |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1308,0 | 1046,0 | 1046,0 |
| 2 | Дотация на частичную компенс | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 129,0 | 136,0 | 141,0 |
| 4 | Невыясн. Поступл бюджет АСП | | | |
| | **Итого** | 1437,0 | 1182,0 | 1187,0 |
| | **Всего доходов** | 1527,7 | 1272,7 | 1277,7 |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 954,7 | 885,3 | 885,3 |
| | в т.ч. зарплата | 720,2 | 680,0 | 680,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | ВУС | 129,0 | 136,0 | 141,0 |
| | в т.ч. зарплата | 97,0 | 100,0 | 105,0 |
| 6 | ЖКХ | 145,0 | 15,0 | 15,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | 269,0 | 226,4 | 226,4 |
| | в т.ч. зарплата | 204,0 | 173,4 | 173,4 |
| 9 | ФК и спорт | 30,0 | 10,0 | 10,0 |
| | **Всего расходов** | 1527,7 | 1272,7 | 1277,7 |
| | в т.ч. зарплата | 1021,2 | 953,4 | 958,4 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Саситли» З. Набигулаев**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Метрада» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 38,4 | 38,4 | 38,4 |
| 2 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **74,4** | **74,4** | **74,4** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1473,0 | 1179,0 | 1179,0 |
| | | | | |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 129,0 | 136,0 | 141,0 |
| | **Итого** | **1602,0** | **1315,0** | **1320,0** |
| | **Всего доходов** | **1676,4** | **1389,4** | **1394,4** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1010,5** | **1010,5** | **1010,5** |
| | в т.ч. зарплата | 582,0 | 582,0 | 582,0 |
| 1 | **Субсидия** | | | |
| 2 | **Проведения выборов** | | | |
| 3 | **ВУС** | **129,0** | **136,0** | **141,0** |
| | **в т.ч. зарплата** | 96,0 | **101,0** | **105,0** |
| 6 | **ЖКХ** | **526,5** | **232,5** | **232,5** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | **ФК и спорт** | **10,4** | **10,4** | **10,4** |
| | **Всего расходов** | **1676,4** | **1389,4** | **1394,4** |
| | в т.ч. зарплата | 678,0 | 683,0 | 687,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Метрада» М. Магомедов**

Эркенаб гугари

## Ярыгинил кубок

26-30 январалда Красноярск шагьаралда тIобитIана Олимпиялъул хIаязул кIицIул чемпион Иван Ярыгин ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъазда гьоркьосеб турнир. Гьенир гIахьаллъана анцIила кIиго пачалихъалдаса гугарухъаби.



Чорхол сахлъи лъикI гьечIолъиялда бан нилъер гугарухъабазе исана турниралда битI ккечIо.

79 кг. цIайиялда турниралъул чемпионлъун вахъана Акнадаса АхIмад ГIусманов(сураталда).

57 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI ккуна финалалда олимпиялъул хIаязул чемпион Заур Угуевгун дандчIварав Гъоркьхъварщиниса АхIмад Идрисовас. Лъабабилеб бакIалде ккана ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадов (61кг.) ва Хуштадаса ГIумар Зиявдинов (86кг.).

Баркула гугарухъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула хадубккунги икьбал.

**Шамил Бадрудинов**

## Зоналиял къецал

23-24 январалда Леваши росулъ тIоритIана анцIила анлъго сониде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ зоналияб первенство.

Гьениб нилъер районалъул ДЮСШялъул гугарухъабаз босана кIиго тIоцебесеб, цо кIиабилеб ва ункъго лъабабилеб бакIал, ва мустахIикълъана командаялъулаб тIоцебесеб бакIалъе.

ТIоцебесеб бакI ккуна Нажмудин Абакаровас (41 кг.) ва МухIамад Лабазанов (85 кг.). КIиабилеб бакI щвана Юсуп ГьитIинмухIамадовасе (52 кг.), Лъабабилеб бак1алде ккана Саидафанди Абакаров (44 кг.), ГIабдула МуртазагIалиев (52 кг.), ГIумарасхIаб КъурамухIамадов (62 кг.) ва Халил ХIажимухIамадов (75 кг.).

Баркула бергьаразда ва призеразда щварал бергьенлъаби.

**Шамил Сажидов**

## АнцIгоялъул щуго тIоцебесеб бакI нилъеразе щвана

26-29 январалда Хасавюрталда тIобитIана СССРалъул мустахIикъал тренерал МухIамад Рамазанов ва Арминак Карапетян ракIалде щвеялъе 21 сониде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Дагъистаналъул первенство.





Гьенир гIахьаллъана ункънусгоялде гIагарун гугарухъан. Гьезда гьоркьор лъикI цере рахьана республикаялъул батIи-батIияб спортивиял клубазда ругьунлъулел нилъер районалъул гугарухъаби. Первенствоялъул анцIго цIайиялда гьоркьоб нилъер щуго гугарухъанас ккуна тIоцебесеб бакI.



Жиде-жидер цIайиязда тIоцебесеб бакI ккуна Эчедаса Халид МухIамадовас (57кг.), Кванхиса Элдар АхIмадудиновас (61кг.) Эчедиса ХIабиб Заурбековас (70кг.), Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибировас (92кг.), Гьигьалъа МухIамадхIабиб ХIабибовас (97кг.).

КIиабилеб бакI ккуна Инхокьвариса Рамазан Шамиловас (61кг.) ва ТIиндиса ГIали ТупагIалиевас (125кг.).



Лъабабилеб бакIалде ккана Кванхиса АхIажи МухIамадов(65кг.), Хъварщиса ГIабдулкъадир ГIабдулкъадиров (79 кг.) ва ГьачIилъа ХIамзат ЖабрагIилов (125кг. ).



Баркула гугарухъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула СКФОялъул къецазда лъикIал хIасилал.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Загъалав МахIачевасул приз

22 январалда Инхокъвари тIобитIана рагъулаб самбоялъул рахьалъ спорталъул мастер, журарал рагъазул М-1 (версиялда) Россиялъул чемпион Загъалав МахIачевасул призалъе гIоло гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ турнир.

Гьенир гIахьаллъана Инхокъвари, Хонохъ, Эчеда, Гъоркьгъаквари ва Къеди школазул командабазул кинавниги 86 гугарухъан.




Турнир рагъулаго Инхокъвари школалъул директор МухIамад Гереевас бицана росуцояв Загъалав МахIачевасул спортивияб гIумруялъул хIакъалъулъ ва бачIунеб гIел куцаялъе спорталъул бугеб кIвар.

Жиде-жидер цIайиязда чемпионаллъун ва призераллъун рахьана:

**24 кг.** 1.Сулейман ХIасбулаев (Гъаквари), 2. МухIамад ИсмагIилов (Инхокъвари), **3.** ГIамир МухIамадов (Инхокъвари), ИзрагIил МухIамадов (Инхокъвари).

**26 кг.** 1. Надирбег ГIабдулхабиров (Къеди), 2. ГIабдурахIман МухIамадов (Инхокъвари), 3. ХIамза Абакаров (Гъаквари), Усама ХIайбулаев (Эчеда).

**27 кг.** 1. ХIабиб ГIубайдулаев (Хонохъ), 2. Рамазан Абакаров (Гъаквари), 3. МугIаз ГIисаев (Эчеда), 3. Ислам ГIалиев (Инхокъвари).

**28 кг.** 1. ГIамирхан Мусалов (Гъаквари), 2. Абузар Шагьрудинов (Эчеда).

**29 кг.** 1. ГIусманов Юсуп (Къеди), 2. Ибрагьимов Халид (Хонохъ), 3. МухIамадов Ясир (Къеди), ГъазимухIамадов ХIасан (Гъаквари).

**30 кг.** 1. Зиявдинов Адам (Къеди), 2. Махачев ГIабдула (Инхокъвари), 3. МухIамадов Халид (Инхокъвари), Гъазиев Къасум (Хонохъ).

**32 кг.** 1. ГIубайдулаев Халид (Хонохъ), 2. ХIасбулаев МухIамадрасул (Гъаквари), 3. ИзрагIилов АхIмад (Гъаквари), ХIасанов ИсмагIил (Эчеда)

33 кг. 1. Гереев МухIамад (Инхокъвари), 2. Набигулаев МухIамад (Гъаквари)**,** 3. Давудов Рамазан (Хонохъ), ИзрагIилов МухIамад (Гъаквари).

**35 кг.** 1. ЖабрагIилов ХIамзат (Инхокъвари), 2. Ибрагьимов МухIамад (Хонохъ), 3. Саидов МухIамад (Инхокъвари), Мурадов Сафиюла (Эчеда).

**38 кг.** 1. Гереев ХIажимурад (Инхокъвари), 2. Абакаров МухIамадкамил (Гъаквари), 3. Муртузов МухIамад (Инхокъвари), Пирбудагъов Юсуф (Къеди).

**41 кг.** 1. ЖабрагIилов Ризван (Инхокъвари), 2. Герейханов Расул (Къеди), 3. ГIалиханов ГIабдулмалик (Инхокъвари), Пирбудагъов ГIалиасхIаб (Къеди).

**46 кг.** 1. МухIамадов Салман (Инхокъвари), 2. Ибрагьимов Ибрагьим (Хонохъ), 3. ГIабдусаламов МухIамаднур (Эчеда), Саидов Зайнудин (Инхокъвари).

**49 кг.** 1. ГъазимухIамадов МикагIил (Гъаквари), 2. МухIамадов Халид (Къеди), 3. Гереев ГIабдула (Инхокъвари), Сабигулаев МухIамад (Къеди).

**72 кг.** 1.ГIабдулхIакъов ГIабдулхIакъ (Гъаквари), 2. МухIамадов Тимур (Инхокъвари), 3. ГIабдулхабиров ИсмагIил ва МухIамадов Садирбег (Къеди).

Командаялъулаб тIоцебесеб бакI ккуна инхокъварисез, кIиабилеб бакI щвана гъоркьгъакварисезе, лъабабилеб бакIалде ккана къедисел.

**Заур Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияв секретарь
Сажидова
Зульфия АхIмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьеньгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«Щумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьорлъ бугел ва цогидал
баянназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@mail.ru